


Fason pou peye bòdwo ou yo

Lè ou vin rete yon nouvo kote, sa pa pran tan pou bòdwo yo kòmanse vini.

Ou ka peye kèk bòdwo tankou lwaye, sèvis publik, ak lòt peman chak mwa. Ou ka gen bòdwo ou gen pou peye yon sèl fwa tou, tankou depo sekirite lè w ap lwe yon apatman.

Nan anpil ka, ou gen omwen yon opsyon ou ka chwazi pou fè peman bòdwo yo.

Lis ki pi ba a ap ede ou konprann diferan opsyon pou peye bòdwo yo ak avantaj yo ak enkonvènyan yo. Le ou konnen kijan yo mache sa ka evite ou peye sèten frè, sa gen ladan frè poutèt peman ki an reta oswa ou rate.



Chèk

Definisyon	Avantaj	Danje
<p>Chèk se fòmilè ou ranpli pou peye yon bagay apati de yon kont chèk ou genyen nan yon bank oswa nan yon kès depay.</p> <p>Ou ekri montan an ak non moun oswa konpayi ou swete peye a sou chèk la. Montan an soti sou kont chèk ou lè moun oswa konpayi ki resevwa chèk la depoze li oswa chanje li.</p>	<ul style="list-style-type: none"> Li fasil lè ou fin tabli kont labank oswa kès depay ou a epi mande yon kanè chèk. Ou kapab voye li pa lapòs. Li fasil pou bay prèv ou te peye si gen litij. Lajan an rete nan kont chèk la jiskaske ou ekri chèk la epi yo depoze chèk la. Kontrèman a kach, si ou pèdi yon chèk oswa si yo vòlè li oswa si yon moun imite siyati ou, ou gen pwoteksyon pou lajan ki sou kont ou a. Men, li ka difisil pou w fè bloke yon chèk si moun ki resevwa li an depoze li touswit. 	<ul style="list-style-type: none"> Si ou peye bòdwo pa chèk san ou pa gen ase lajan nan kont ou, bank la gen dwa fè ou peye frè. Konpayi w ap eseye peye a gen dwa fè ou peye frè tou. Ou dwe sonje peye yon bòdwo ak chèk chak fwa li lè pou peye (sa pa otomatik). Ou peye lapòs pou voye peman an. Ou dwe poste chèk ou a anvan dènye delè pou peye bòdwo w la pou w sèten li rive anvan dènye delè a.

Debi otomatik oswa dirèk

Definisyon	Avantaj	Danje
Ou bay vandè a oswa founisè sèvis la (paregzanz, konpayi telefòn selilè w la oswa konpayi sèvis publik la) enfòmasyon kont chèk ou e li pran fon yo sou kont ou chak fwa li lè pou peye bòdwo a (paregzanz, chak mwa).	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Li fasil, fè ou ekonomize tan, epi gratis. ▪ Ou gen dwa peye yon to enterè pi ba pou prè si ou fè peman w yo pa debi otomatik. ▪ Li fè li pi fasil pou peye bòdwo ou resevwa souvan ak regilyèman. ▪ Li redui chans pou w an reta—lè ou fin tabli li, li otomatik. ▪ Ou gen dwa sispann peman otomatik yo. ▪ Li fasil pou bay prèv ou te peye si gen litij. ▪ Si montan bòdwo a chanje chak mwa, ou gen dwa resevwa yon avi anvan yo fè transfè pou peye bòdwo a. 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Si ou peye bòdwo pa debi otomatik san ou pa gen kont lajan nan kont ou, bank la gen dwa fè ou peye frè. Konpayi w ap eseye peye a gen dwa fè ou peye frè tou. <p>Atansyon: Lè ou tabli debi otomatik, ou ka san fè eksprè depanse plis pase sa ou genyen. Pou sispann retrè otomatik yo, kontakte ni vandè a ni bank ou.</p>

Peman bòdwo sou entènèt

Definition	Benefits	Risks
Ou bay bank ou enfòmasyon vandè a oswa founisè sèvis la, epi bank ou fè peman yo dapre montan ak orè ou tabli yo.	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Li fasil e fè ou ekonomize tan. ▪ Li fè li pi fasil pou peye bòdwo ou resevwa souvan ak regilyèman. ▪ Ou ka chwazi oswa fè peman yon sèl fwa nan chak peròd faktirasyon oswa tabli peman repete (otomatik) gras a sèvis sou entènèt bank oswa kès depay ou an. ▪ Li redui chans pou w an reta—lè ou fin tabli li, li otomatik. ▪ Li fasil pou bay prèv ou te peye si gen litij. ▪ Li fasil pou rete peman ou pa t vle fè oswa ou fè pa erè. 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Li pran tan pou tabli ak aprann. ▪ Si ou peye bòdwo pa peman bòdwo sou entènèt san ou pa gen ase lajan sou kont ou, bank la gen dwa fè ou peye frè. Konpayi w ap eseye peye a gen dwa fè ou peye frè tou. ▪ Si ou konfigire peman repete epi montan an chanje, sa ka rive pou w peye move montan an. Si ou peye mwen spase montan total bòdwo a, ou gen dwa oblige peye frè.

Manda postal

Definisyon	Avantaj	Danje
Ou gen dwa sèvi ak manda postal olye de chèk. Ou ka achte yon manda postal pou peye yon biznis oswa yon lòt pati.	<ul style="list-style-type: none">Li fasil pou konprann.Ou kapab voye li pa lapòs.Pa gen okenn enfòmasyon labank pèsònèl ki parèt sou manda postal la.	<ul style="list-style-type: none">Li gen dwa anbetan poutèt fò ou achte manda postal la, nan men labank oswa kès depay, nan biwo lapòs, oswa nan magazen.Gen frè pou w achte manda postal la ak mete tenm sou li pou poste peman an.Li gen dwa difisil pou bay prèv ou te peye sòf si ou gen resi manda postal la ak yon resi peman.Menm jan ak kach, fon yo difisil oswa enposib pou rejwenn si yo pèdi oswa si yo vòlè yo.Ou dwe sonje peye bòdwo a chak fwa lè a rive pou peye (li pa otomatik).

Kat kredi

Definisyon	Avantaj	Danje
Yon kat kredi pèmèt ou prete lajan rive jiska yon limit kredi ki apwouve. W ap peye enterè sòf si ou peye montan total la lè li tan pou peye bòdwo a. Yo ka fè ou peye lòt frè dapre kondisyon kat kredi an. Ou dwe peye omwen peman minimòm nan chak mwa pou evite frè reta. Pou redui enterè yo mande ou peye yo, fò ou peye plis pase montan peman minimòm nan.	<ul style="list-style-type: none">Ou ka sèvi ak yon kat kredi pou peye bòdwo pa telefòn oswa sou entènèt.Li fasil pou bay prèv ou te peye si gen litij.Li pwoteje ou pou w pa gen pou peye sèten oswa tout frè yo si yo vòlè oswa ou pèdi enfòmasyon kat ou a epi ou rapòte sa.Ou ka konfigire li pou peye bòdwo repete yo otomatikman.Li kapab ede ou tabli antedesan nan zafè kredi si ou fè peman yo alè e ou pa rive pre limit kredi ou.	<ul style="list-style-type: none">Li koute plis pase lè ou peye pou acha avèk kach oswa chèk, si ou pa ka peye balans total kat kredi an chak mwa. Si ou transfere yon balans sou pwochen mwa a, fò ou peye enterè.Li kreye lòt bòdwo ou gen pou peye.Li kreye dèt-w ap prete lajan pou peye bòdwo ak lòt bagay.Gen anpil kalite bòdwo ou pa ka peye ak kat kredi.

Kach

Definisyon	Avantaj	Danje
Kach se lajan ou gen nan men ou.	<ul style="list-style-type: none">Souvan pa gen okenn frè lè ou peye konpayi an ak kach dirèkteman si ou peye montan total ou dwe a. Lè w ap achte oswa itilize yon pwodui espesyal tankou manda postal oswa kat ki peye davans sa ka koute ou lajan.Lè ou sèvi ak kach, ou pa fè dèt.Ou pa riske depase kont ou.	<ul style="list-style-type: none">Se pa tout bòdwo ou ka peye kach.Li ka anbetan ak koute lajan pou deplase al nan konpayi an pou peye bòdwo a an pèsonn.Li ka difisil pou bay prèv ou te peye sòf si yo ba ou resi.Li difisil oswa enposib pou rejwenn kach lè li pèdi oswa lè yo vòlè li.Ou dwe sonje peye bòdwo a chak fwa lè a rive pou peye li (li pa otomatik).

Ti konsèy

- Fè yon lis bòdwo ou yo ak dat pou w peye yo, epi mete yo sou yon kalandriye pou w ka fasilman wè lè pou w fè peman yo.
- Gen kreyansye k ap kite ou chwazi jou nan mwa a pou w peye bòdwo w lan.
- Kèlkeswa jan ou chwazi peye bòdwo ou yo, suiv lajan k ap antre ak soti. Sa ap ede ou evite frè.

Enfòmasyon sou nou

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè a (CFPB) se yon ajans 21yèm syèk k'ap mete sou pye ak aplike lwa federal pou pwoteksyon finansye konsomatè yo e ki garanti ke mache pwodwi finansye pou konsomatè yo jis, transparan, ak konpetitif.

Jwenn plis enfòmasyon nan
consumerfinance.gov

Pran kontak avèk nou

-  Depoze yon plent
consumerfinance.gov/complaint
-  Rakonte istwa ou
consumerfinance.gov/your-story
-  Mande CFPB
consumerfinance.gov/askcfpb
-  Di sa ou panse
facebook.com/cfpb
twitter.com/cfpb

Aprann plis nan consumerfinance.gov

4 sou 4

12/2022



Consumer Financial
Protection Bureau